



Non Moun pou Kontakte: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Dosye Lapolis/Nimewo Ka a: _____

Nòt: _____

Kat sou Lwa Marsy ki gen Enfòmasyon enpòtan ladann

Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik 1, Seksyon 28(b), akòde sèten dwa bay viktim krim yo. Pami dwa sa yo, genyen:

- Dwa pou Egalite ak Respè** – Se dwa vitkim nan, pou yo trete li defason ekkitab e avèk respè vizavi vi prive ak diyete li, epi pou li pa sibi okenn entimidasyon, agasman ni abi, pandan tout pwosedi kriminèl oswa jivenil la.
- Dwa Pwoteksyon kont akize a** – Se dwa viktim nan, pou yo pwoteje li defason rezonab, kont akize a e kont moun kap aji anfavè akize a.
- Dwa pou yo konsidere sekirite viktim nan lè yap etabli kosyon ak kondisyon pou liberasyon** – Se dwa viktim nan, pou yo konsidere sekirite l ak sekirite fanmi li lè yap etabli montan kosyon an ak kondisyon liberasyon pou akize a.
- Dwa pou anpeche yo devwale enfòmasyon konfidansyèl** – Se dwa viktim nan, pou yo pa devwale enfòmasyon konfidansyèl oubyen dosye yo, bay akize a, bay avoka akize a, oswa bay nenpòt ki lòt moun kap reprezante akize a; piske yo ka itilize enfòmasyon sa a pou lokalize oubyen agase viktim nan oubyen fanmi viktim nan oswa piske enfòmasyon sa a ka devwale kominikasyon konfidansyèl ki te etabli pandan tretman medikal oswa pandan sesyon konsèy, oswa ankò ki reprezante enfòmasyon privejye oswa konfidansyèl selon lalwa.
- Dwa pou refize fè entèvyou ak defans lan** – Se dwa viktim nan, pou li refize fè yon entèvyou, yon depozisyon, oswa reponn yon demann pou soumèt tout enfòmasyon sou ka a, si se akize a, avoka akize a, oubyen nenpòt lòt moun kap reprezante akize a ki mande sa; epitou se dwa viktim nan pou li etabli kondisyon rezonab pou entèvyou li konsanti pou l fè.
- Dwa pou rankontre avèk pwokirè a ak dwa pou resevwa yon avi sou desizyon yo pran anvan pwosè** – Se dwa viktim nan pou li resevwa avi nan yon delè rezonab e pou li rankontre avèk biwo pwokirè a, si li ta mande sa, pou diskite sou arestasyon akize a si pwokirè okouran de sa, pou diskite sou plent yo anrejistre yo, sou desizyon asavwa si pou yo ekstrade akize a, e lè viktim nan mande sa, pou yo avize l ak enfòmè l sou kèlkeswa desizyon legal yo pran anvan pwosè a.
- Dwa pou yo avize sou pwosedi piblik ak dwa pou konparèt nan pwosedi sa yo** – Se dwa viktim nan, si li ta mande sa, pou li resevwa yon avi nan yon delè rezonab sou tout pwosedi piblik yo, kit se yon pwosedi delenkans jivenil, kote akize a ak pwokirè a gen dwa pou yo prezan e se dwa viktim nan tou pou li resevwa avi sou tout pwosedi ki trete libète pwovizwa oswa lòt pwosedi ki trete liberasyon apre kondanasyon, e pou li ka prezan nan tout pwosedi sa yo.
- Dwa pou konparèt lè gen pwosedi tribinal ak dwa pou bay opinyon** – Se dwa viktim nan, si li ta mande sa, pou li di sa l panse nan nenpòt ki pwosedi legal, ikonpri nenpòt ki pwosedi delenkans jivenil, kote yo pran yon desizyon pou lage moun nan apre yo te fin arete l, kote yo pran yon desizyon sou deklarasyon asavwa si akize a plede koupab oswa non koupab, kote yo bay yon santans, kote yo pran yon desizyon pou lage akize a apre yo fin kondane l, oswa nan nenpòt ki lòt pwosedi ki konsène dwa viktim nan.
- Dwa pou gen yon pwosè san delè ak dwa pou yo pran yon desizyon rapid nan ka sa a** – Se dwa viktim nan pou l gen yon pwosè san delè epi pou yo pran yon desizyon final san pèdi tan nan ka a, ak nan nenpòt lòt pwosedi ki fèt apre jijman an.
- Dwa pou bay Depatman Pwobasyon an enfòmasyon** – Se dwa viktim nan pou l bay ofisyè depatman pwobasyon an kap mennen envestigasyon anvan santans lan, enfòmasyon konsènan enpak krim nan te vin genyen sou li ak sou tout fanmi l, epitou se dwa l pou li fè nenpòt ki rekòmandasyon konsènan santans lan anvan yo bay akize a santans li.
- Dwa pou resevwa rapò yo soumèt anvan santans lan** – Se dwa viktim nan, si l ta mande sa, pou li resevwa rapò yo soumèt anvan santans lan depi ke akize a ka resevwa rapò sa a tou, eksepte seksyon nan rapò sa a ki konfidansyèl selon lalwa.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan kondanasyon, santans, anprizònman, liberasyon, ak evazyon** – Se dwa viktim nan pou yo fè l konnen, si li ta mande sa, lè yo kondane akize a, lè yo ba l santans li, ki kote ak ki lè yap mete l nan prizon, oswa nenpòt ki lòt desizyon yo ta pran konsènan akize a, dat yo planifye pou yo lage akize a, ak lè yo libere akize a oswa lè li sove nan prizon.
- Restitisyon**
 - Selon desizyon irevokab Leta Kalifòni pran, kèlkeswa moun ki te viktim yon pèt poutèt yon zak kriminèl, se dwa moun sa a pou l chèche jwenn e pou l jwenn restitisyon nan men moun yo kondane pou krim ki te lakòz pèt sa yo.
 - Achak fwa gen yon ka, yap pase moun yo kondane a lòd pou l dedomaje viktim nan poutèt pèt li sibi a, kèlkeswa santans yo ba li a oswa kèlkeswa desizyon legal yo enpoze a.
 - Tout peman monetè, tout lajan, ak tout byen yo kolekte nan men moun yo pase lòd pou fè restitisyon an, fèt pou yo pase anpremye, antanke peman pou montan yo te òdone pou viktim nan resevwa kòm restitisyon.



Non Moun pou Kontakte: _____

Nimewo Telefòn: _____

Nimewo Dosye Lapolis/Nimewo Ka a: _____

Nòt: _____

Kat sou Lwa Marsy ki gen Enfòmasyon enpòtan ladann

Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik 1, Seksyon 28(b), akòde sèten dwa bay viktim krim yo. Pami dwa sa yo, genyen:

- Dwa pou Egalite ak Respè** – Se dwa vitkim nan, pou yo trete li defason ekkitab e avèk respè vizavi vi prive ak diyete li, epi pou li pa sibi okenn entimidasyon, agasman ni abi, pandan tout pwosedi kriminèl oswa jivenil la.
- Dwa Pwoteksyon kont akize a** – Se dwa viktim nan, pou yo pwoteje li defason rezonab, kont akize a e kont moun kap aji anfavè akize a.
- Dwa pou yo konsidere sekirite viktim nan lè yap etabli kosyon ak kondisyon pou liberasyon** – Se dwa viktim nan, pou yo konsidere sekirite l ak sekirite fanmi li lè yap etabli montan kosyon an ak kondisyon liberasyon pou akize a.
- Dwa pou anpeche yo devwale enfòmasyon konfidansyèl** – Se dwa viktim nan, pou yo pa devwale enfòmasyon konfidansyèl oubyen dosye yo, bay akize a, bay avoka akize a, oswa bay nenpòt ki lòt moun kap reprezante akize a; piske yo ka itilize enfòmasyon sa a pou lokalize oubyen agase viktim nan oubyen fanmi viktim nan oswa piske enfòmasyon sa a ka devwale kominikasyon konfidansyèl ki te etabli pandan tretman medikal oswa pandan sesyon konsèy, oswa ankò ki reprezante enfòmasyon privejye oswa konfidansyèl selon lalwa.
- Dwa pou refize fè entèvyou ak defans lan** – Se dwa viktim nan, pou li refize fè yon entèvyou, yon depozisyon, oswa reponn yon demann pou soumèt tout enfòmasyon sou ka a, si se akize a, avoka akize a, oubyen nenpòt lòt moun kap reprezante akize a ki mande sa; epitou se dwa viktim nan pou li etabli kondisyon rezonab pou entèvyou li konsanti pou l fè.
- Dwa pou rankontre avèk pwokirè a ak dwa pou resevwa yon avi sou desizyon yo pran anvan pwosè** – Se dwa viktim nan pou li resevwa avi nan yon delè rezonab e pou li rankontre avèk biwo pwokirè a, si li ta mande sa, pou diskite sou arestasyon akize a si pwokirè okouran de sa, pou diskite sou plent yo anrejistre yo, sou desizyon asavwa si pou yo ekstrade akize a, e lè viktim nan mande sa, pou yo avize l ak enfòmè l sou kèlkeswa desizyon legal yo pran anvan pwosè a.
- Dwa pou yo avize sou pwosedi piblik ak dwa pou konparèt nan pwosedi sa yo** – Se dwa viktim nan, si li ta mande sa, pou li resevwa yon avi nan yon delè rezonab sou tout pwosedi piblik yo, kit se yon pwosedi delenkans jivenil, kote akize a ak pwokirè a gen dwa pou yo prezan e se dwa viktim nan tou pou li resevwa avi sou tout pwosedi ki trete libète pwovizwa oswa lòt pwosedi ki trete liberasyon apre kondanasyon, e pou li ka prezan nan tout pwosedi sa yo.
- Dwa pou konparèt lè gen pwosedi tribinal ak dwa pou bay opinyon** – Se dwa viktim nan, si li ta mande sa, pou li di sa l panse nan nenpòt ki pwosedi legal, ikonpri nenpòt ki pwosedi delenkans jivenil, kote yo pran yon desizyon pou lage moun nan apre yo te fin arete l, kote yo pran yon desizyon sou deklarasyon asavwa si akize a plede koupab oswa non koupab, kote yo bay yon santans, kote yo pran yon desizyon pou lage akize a apre yo fin kondane l, oswa nan nenpòt ki lòt pwosedi ki konsène dwa viktim nan.
- Dwa pou gen yon pwosè san delè ak dwa pou yo pran yon desizyon rapid nan ka sa a** – Se dwa viktim nan pou l gen yon pwosè san delè epi pou yo pran yon desizyon final san pèdi tan nan ka a, ak nan nenpòt lòt pwosedi ki fèt apre jijman an.
- Dwa pou bay Depatman Pwobasyon an enfòmasyon** – Se dwa viktim nan pou l bay ofisyè depatman pwobasyon an kap mennen envestigasyon anvan santans lan, enfòmasyon konsènan enpak krim nan te vin genyen sou li ak sou tout fanmi l, epitou se dwa l pou li fè nenpòt ki rekòmandasyon konsènan santans lan anvan yo bay akize a santans li.
- Dwa pou resevwa rapò yo soumèt anvan santans lan** – Se dwa viktim nan, si l ta mande sa, pou li resevwa rapò yo soumèt anvan santans lan depi ke akize a ka resevwa rapò sa a tou, eksepte seksyon nan rapò sa a ki konfidansyèl selon lalwa.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan kondanasyon, santans, anprizònman, liberasyon, ak evazyon** – Se dwa viktim nan pou yo fè l konnen, si li ta mande sa, lè yo kondane akize a, lè yo ba l santans li, ki kote ak ki lè yap mete l nan prizon, oswa nenpòt ki lòt desizyon yo ta pran konsènan akize a, dat yo planifye pou yo lage akize a, ak lè yo libere akize a oswa lè li sove nan prizon.
- Restitisyon**
 - Selon desizyon irevokab Leta Kalifòni pran, kèlkeswa moun ki te viktim yon pèt poutèt yon zak kriminèl, se dwa moun sa a pou l chèche jwenn e pou l jwenn restitisyon nan men moun yo kondane pou krim ki te lakòz pèt sa yo.
 - Achak fwa gen yon ka, yap pase moun yo kondane a lòd pou l dedomaje viktim nan poutèt pèt li sibi a, kèlkeswa santans yo ba li a oswa kèlkeswa desizyon legal yo enpoze a.
 - Tout peman monetè, tout lajan, ak tout byen yo kolekte nan men moun yo pase lòd pou fè restitisyon an, fèt pou yo pase anpremye, antanke peman pou montan yo te òdone pou viktim nan resevwa kòm restitisyon.

14. **Dwa pou yo remèt byen yo san pèdi tan** – Se dwa viktim nan pou yo remèt li byen l yo, lè yo pa bezwen yo ankò kòm prèv.
15. **Dwa pou yo avize sou pwosedi libète pwovizwa ak liberasyon sou libète pwovizwa** – Se dwa viktim nan pou yo enfòm li sou kèlkeswa pwosedi libète pwovizwa, dwa l pou patisipe nan pwosedi libète pwovizwa a, dwa l pou bay otorite ki responsab libète pwovizwa a, enfòmasyon pou yo ta konsidere anvan yo mete kondane a an libète pwovizwa, e se dwa viktim nan tou, si l ta mande sa, pou yo avize l sou libète pwovizwa oswa pou yo avize l si yo ta libere kondane a.
16. **Faktè yo konsidere nan ka libète pwovizwa se sekirite viktim nan ak sekirite piblik la** – Se dwa viktim nan pou yo konsidere sekirite li, sekirite fanmi l ak sekirite piblik la anjeneral anvan pou yo pran kèlkeswa desizyon sou libète pwovizwa oswa kèlkeswa desizyon pou liberasyon apre jijman.
17. **Dwa pou yo bay enfòmasyon sou toulè 16 dwa sa yo** – Se dwa viktim nan pou yo ba li enfòmasyon konsènan dwa yo site nan paragraf (1) a (16) yo.

Resous adisyonèl

Pwokirè Jeneral la pa andose, li pa responsab, ni nonplis tou li pa gen kontwòl sou opinyon òganizasyon ak ajans sa yo, sou sèvis yo ak sou enfòmasyon yo bay.

Komite Konpansasyon pou Viktim (Victim Compensation Board) – Kapab ede viktim yo peye pou: konsèy nan domèn sante mantal, depans pou fineray, revni yo pèdi, netwayaj anplasman kote krim lan fèt, demenajman, bòdwo medikal ak pou swen dan. **1-800-777-9229** www.victims.ca.gov

Biwo pou Dwa & Sèvis Viktim & Sivivan nan Depatman Sèvis Koreksyonèl ak Reyadaptasyon nan Kalifòni (CA Dept. of Corrections and Rehabilitation, Office of Victim & Survivor Rights and Services, OVSRS) – Biwo sa a bay enfòmasyon sou liberasyon agresè, sou restitasyon, sou kondisyon pou libète pwovizwa ak sou odyans pou libète pwovizwa lè agresè a nan prizòn. **1-877-256-6877** www.cdcr.ca.gov/victim_services

Fakilte Dedwa McGeorge – Sant Resous pou Viktim Krim (McGeorge School of Law – Victims of Crime Resource Center) – Sant sa a ofri resous pou viktim selon zòn jewografik yo e li bay tou enfòmasyon sou dwa viktim yo genyen. **1-800-Victims (1-800-842-8467)** www.1800victims.org

Liy asistans nasyonal pou vyolans domestik (National Domestic Violence Hotline) – **1-800-799-7233** www.thehotline.org

Enfòmasyon sou Sèvis pwoteksyon granmoun nan Konte a (Adult Protective Services County Information) – (Abi kont granmoun aje) Nimewo liy asistans 24 sou 24 pou chak konte nan Kalifòni. www.cdss.ca.gov/inforesources/County-APS-Offices

Liy asistans nasyonal pou abi kont timoun (National Child Abuse Hotline) – Tretman ak prevansyon abi kont timoun. **1-800-422-4453** www.childhelp.org

Rezo nasyonal pou ka vyòl, abi ak ensès (Rape, Abuse & Incest National Network) – **1-800-656-4673** www.rainn.org

Liy asistans nasyonal pou Sant Resous pou trafik moun (National Human Trafficking Resource Center Hotline) – Liy asistans 24 sou 24: **1-888-373-7888** www.humantraffickinghotline.org

Sèvis Relè nan Kalifòni (The California Relay Service): Pou moun kap rele ki gen pwoblèm pou pale, ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande: Rele 711. TTY/HCO/VCO an siyal vokal pou lang angle: 1-800-735-2929 epi pou lang panyòl: 1-800-855-3000. Siyal vokal a TTY/VCO/HCO pou lang angle: 1-800-735-2922 epi pou lang panyòl: 1-800-855-3000. Sistèm Vokal a Vokal – nan lang angle ak lang panyòl: 1-800-854-7784.

Depatman Sèvis Viktim Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Victims' Services Unit) – Biwo sa a bay viktim krim yo, enfòmasyon sou viktim/temwen lokal, enfòmasyon sou resous jewografik, ak kondisyon sou demann dapèl la. Si w bezwen plis enfòmasyon, rele nan **1-877-433-9069** oswa ale nan sit Entènèt la nan: www.oag.ca.gov/victimservices

Si w bezwen enfòmasyon sou Trafik Moun kap fèt nan nivo lokal, ale sou sit Entènèt la nan: www.oag.ca.gov/human-trafficking

Selon Konstitisyon Kalifòni, yo defini yon 'viktim' kòm 'yon moun ki sibi domaj fizik, sikolojik, oswa finansye dirèkteman oswa atravè menas, akòz yon krim oswa yon zak delenkan yo komèt oswa yo te eseye komèt. Mo: 'viktim' lan reprezante mari oswa madanm moun nan, paran l, pitit li, frè ak sè l, oswa gadyen legal li, avèk tou yon moun kap reprezante legalman yon viktim yon krim ki mouri, ki se yon minè, oswa ki gen yon andikap fizik oswa sikolojik. Mo 'viktim' lan pa reprezante yon moun ki nan prizòn pou tèt yo ofans, akize a, oswa yon moun tribinal la jije pap aji nan pi bon enterè yon viktim ki yon minè.' (Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik I, § 28(e).)

Yon viktim, avoka viktim nan pran pou defann li an, yon reprezantan legal viktim lan, oswa pwokirè a, sou demann viktim lan, ka ranfòse dwa ki make anlè yo nan kèlkeswa pwosè oswa tribinal dapèl la ki gen jiridiksyon sou ka a, selon dwa li genyen pou l fè sa. Tribinal la va pran aksyon apwopriye sou demann sa a, san pèdi tan. (Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik I, § 28(c)(1).)



14. **Dwa pou yo remèt byen yo san pèdi tan** – Se dwa viktim nan pou yo remèt li byen l yo, lè yo pa bezwen yo ankò kòm prèv.
15. **Dwa pou yo avize sou pwosedi libète pwovizwa ak liberasyon sou libète pwovizwa** – Se dwa viktim nan pou yo enfòm li sou kèlkeswa pwosedi libète pwovizwa, dwa l pou patisipe nan pwosedi libète pwovizwa a, dwa l pou bay otorite ki responsab libète pwovizwa a, enfòmasyon pou yo ta konsidere anvan yo mete kondane a an libète pwovizwa, e se dwa viktim nan tou, si l ta mande sa, pou yo avize l sou libète pwovizwa oswa pou yo avize l si yo ta libere kondane a.
16. **Faktè yo konsidere nan ka libète pwovizwa se sekirite viktim nan ak sekirite piblik la** – Se dwa viktim nan pou yo konsidere sekirite li, sekirite fanmi l ak sekirite piblik la anjeneral anvan pou yo pran kèlkeswa desizyon sou libète pwovizwa oswa kèlkeswa desizyon pou liberasyon apre jijman.
17. **Dwa pou yo bay enfòmasyon sou toulè 16 dwa sa yo** – Se dwa viktim nan pou yo ba li enfòmasyon konsènan dwa yo site nan paragraf (1) a (16) yo.

Resous adisyonèl

Pwokirè Jeneral la pa andose, li pa responsab, ni nonplis tou li pa gen kontwòl sou opinyon òganizasyon ak ajans sa yo, sou sèvis yo ak sou enfòmasyon yo bay.

Komite Konpansasyon pou Viktim (Victim Compensation Board) – Kapab ede viktim yo peye pou: konsèy nan domèn sante mantal, depans pou fineray, revni yo pèdi, netwayaj anplasman kote krim lan fèt, demenajman, bòdwo medikal ak pou swen dan. **1-800-777-9229** www.victims.ca.gov

Biwo pou Dwa & Sèvis Viktim & Sivivan nan Depatman Sèvis Koreksyonèl ak Reyadaptasyon nan Kalifòni (CA Dept. of Corrections and Rehabilitation, Office of Victim & Survivor Rights and Services, OVSRS) – Biwo sa a bay enfòmasyon sou liberasyon agresè, sou restitasyon, sou kondisyon pou libète pwovizwa ak sou odyans pou libète pwovizwa lè agresè a nan prizòn. **1-877-256-6877** www.cdcr.ca.gov/victim_services

Fakilte Dedwa McGeorge – Sant Resous pou Viktim Krim (McGeorge School of Law – Victims of Crime Resource Center) – Sant sa a ofri resous pou viktim selon zòn jewografik yo e li bay tou enfòmasyon sou dwa viktim yo genyen. **1-800-Victims (1-800-842-8467)** www.1800victims.org

Liy asistans nasyonal pou vyolans domestik (National Domestic Violence Hotline) – **1-800-799-7233** www.thehotline.org

Enfòmasyon sou Sèvis pwoteksyon granmoun nan Konte a (Adult Protective Services County Information) – (Abi kont granmoun aje) Nimewo liy asistans 24 sou 24 pou chak konte nan Kalifòni. www.cdss.ca.gov/inforesources/County-APS-Offices

Liy asistans nasyonal pou abi kont timoun (National Child Abuse Hotline) – Tretman ak prevansyon abi kont timoun. **1-800-422-4453** www.childhelp.org

Rezo nasyonal pou ka vyòl, abi ak ensès (Rape, Abuse & Incest National Network) – **1-800-656-4673** www.rainn.org

Liy asistans nasyonal pou Sant Resous pou trafik moun (National Human Trafficking Resource Center Hotline) – Liy asistans 24 sou 24: **1-888-373-7888** www.humantraffickinghotline.org

Sèvis Relè nan Kalifòni (The California Relay Service): Pou moun kap rele ki gen pwoblèm pou pale, ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande: Rele 711. TTY/HCO/VCO an siyal vokal pou lang angle: 1-800-735-2929 epi pou lang panyòl: 1-800-855-3000. Siyal vokal a TTY/VCO/HCO pou lang angle: 1-800-735-2922 epi pou lang panyòl: 1-800-855-3000. Sistèm Vokal a Vokal – nan lang angle ak lang panyòl: 1-800-854-7784.

Depatman Sèvis Viktim Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Victims' Services Unit) – Biwo sa a bay viktim krim yo, enfòmasyon sou viktim/temwen lokal, enfòmasyon sou resous jewografik, ak kondisyon sou demann dapèl la. Si w bezwen plis enfòmasyon, rele nan **1-877-433-9069** oswa ale nan sit Entènèt la nan: www.oag.ca.gov/victimservices

Si w bezwen enfòmasyon sou Trafik Moun kap fèt nan nivo lokal, ale sou sit Entènèt la nan: www.oag.ca.gov/human-trafficking

Selon Konstitisyon Kalifòni, yo defini yon 'viktim' kòm 'yon moun ki sibi domaj fizik, sikolojik, oswa finansye dirèkteman oswa atravè menas, akòz yon krim oswa yon zak delenkan yo komèt oswa yo te eseye komèt. Mo: 'viktim' lan reprezante mari oswa madanm moun nan, paran l, pitit li, frè ak sè l, oswa gadyen legal li, avèk tou yon moun kap reprezante legalman yon viktim yon krim ki mouri, ki se yon minè, oswa ki gen yon andikap fizik oswa sikolojik. Mo 'viktim' lan pa reprezante yon moun ki nan prizòn pou tèt yo ofans, akize a, oswa yon moun tribinal la jije pap aji nan pi bon enterè yon viktim ki yon minè.' (Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik I, § 28(e).)

Yon viktim, avoka viktim nan pran pou defann li an, yon reprezantan legal viktim lan, oswa pwokirè a, sou demann viktim lan, ka ranfòse dwa ki make anlè yo nan kèlkeswa pwosè oswa tribinal dapèl la ki gen jiridiksyon sou ka a, selon dwa li genyen pou l fè sa. Tribinal la va pran aksyon apwopriye sou demann sa a, san pèdi tan. (Konstitisyon Eta Kalifòni, Atik I, § 28(c)(1).)

